



Pou Piblikasyon Imedya: 16/09/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YO PWOLONJE ENSKRIPSYON ESPESYAL POU
MOUN KI GEN ASIRANS YO JISKA FEN ANE 2020 AN**

***Nouyòkè yo ka aplike pou kouvèti asirans atravè NY State of Health oswa
dirèkteman atravè konpayi asirans yo***

***Konsomatè yo ka aplike pou kouvèti asirans atravè NY State of Health, pa telefòn
1-855-355-5777, Oswa konekte avèk yon asistan pou enskripsyon gratis***

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse Peryòd Enskripsyon Espesyal pou Nouyòkè ki pa gen asirans yo pral pwolonje jiska 31 desanm, 2020, jan Eta ap kontinye bay sèvis sipò pandan kriz sante COVID-19 la. Nouyòkè yo ka aplike pou kouvèti asirans atravè NY State of Health (Sante Eta New York), mache asirans sante Eta New York, oswa dirèkteman atravè konpayi asirans yo.

"Pandemi COVID-19 la lwen pou li fini epi li plis enpòtan pase jamè pou Nouyòkè yo genyen aksè ak asirans sante ki gen wot kalite, ki bon mache", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "New York genyen resous ki disponib pou ede sila yo ki bezwen kouvèti asirans pandan moman difisil sa a, epi nenpòt moun ki pa genyen aktyèlman asirans sante, kèlkeswa rezon an, ta dwe vizite NY State of Health (Sante Eta NY) epi yo dwe enskri jodi a."

Direktè Egzekitif Depatman Sante Eta New York la, Donna Frescatore, te deklare, "Avèk ijans sante piblik aktyèl la, kapasite pou enskri nan kouvèti asirans avan ane pwochèn lan rete enpòtan. Ekstansyon peryòd enskripsyon espesyal la jiska fen ane a pral chevoche avèk Peryòd Enskripsyon Lib (Open Enrollment Period) la, ki pral pèmèt konsomatè yo kontinye kouvèti asirans yo jiska 2021 san entèripsyon nan kouvèti asirans lan. "

Direktris Depatman Sèvis Finansye a, Linda A. Lacewell, te deklare, "Gras ak Nouyòkè yo, nou te koube koub COVID-19 la. Sepandan, pandan pandemi an ap kontinye, li espesyalman enpòtan pou Nouyòkè yo genyen aksè ak asirans sante wot kalite, ki bon mache. Anba lidèchip Gouvènè Cuomo, New York ap etabli yon peryòd enskripsyon espesyal jiska fen ane a, sa ki bay Nouyòkè ki pa gen asirans yo yon lòt opòtinite pou yo enskri pou kouvèti asirans sante yo bezwen".

NY State of Health, ansanm ak Depatman Sèvis Finansye Eta a ak konpayi asirans Eta New York yo, ap pran mezi sa a akòz ijans sante piblik COVID-19 la dekwa pou

moun pa evite chèche tès oswa swen medikal akòz yon mank kouvèti asirans sante. Moun ki pèdi kouvèti asirans anplwayè yo dwe aplike nan entèval 60 jou ki vini apre yo pèdi kouvèti asirans lan epi moun ki te pèdi revni yo ka kalifye pou Medicaid, Essential Plan, Child Health Plus, oswa Plan Sante Kalifye ki sibvansyone yo.

Moun ki enskri nan Plan Sante ki Kalifye (Qualified Health Plans) yo atravè NY State of Health oswa dirèkteman atravè konpayi asirans opita 15 oktòb 2020 pral genyen yon chwa dat kouvèti asirans oswa premye oktòb 2020 oswa premye novanm 2020. Sila yo ki enskri ant 16 oktòb ak 15 desanm 2020 pral genyen yon chwa dat kouvèti asirans premye novanm oswa premye desanm 2020. Sila yo ki enskri ant 16 desanm ak 31 desanm 2020 tap genyen premye janvyè 2021 kòm dat kòmansman kouvèti asirans yo. Pi enpòtan ankò, konsomatè yo pral genyen opsyon pou kontinye enskripsyon yo a nan menm plan an 2021 san yon entèripsyon nan kouvèti a. Moun ki elijib pou lòt pwogram NY State of Health yo - Medicaid, Essential Plan ak Child Health Plus - kapab enskri pandan tout ane a. Finalman, jan Gouvènè Cuomo te bay enstriksyon an, tout konpayi asirans New York yo te anile depans pataje yo pou tès COVID-19 yo.

Kòm toujou, konsomatè yo ka aplike pou kouvèti atravè NY State of Health sou entènèt nan nystateofhealth.ny.gov, nan telefòn nan 1-855-355-5777, epi lè yo konekte ak yon asistan enskripsyon gratis.

Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou opsyon asirans NY State of Health la pandan ijans Kowonaviris la [isit la](#).

Ou ka jwenn enfòmasyon ak resous Depatman Sèvis Finans pandan ijans Coronavirus la [isit la](#).

###

Lòt nouvel disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)